

Konprann Pwosesis Azil Ozetazini

Se Sèvis Legal New Jersey ki adapte gid sa a pou Biwo Nouvo Ameriken an (Office of New Americans), nan Depatman Sèvis Sosyal Imen, atravè yon gid American Gateways te prepare. American Gateways se yon òganizasyon sèvis legal san bi likratif ki bay imigran sèvis nan Central Texas.

Gid sa a pa fèt pou bay konsèy legal oswa sèvi kòm yon ranplasan pou konsèy legal.

TAB MATYÈ

- I. Pwosesis Azil la
- II. Prepare w Pou w Pale Sou Ka Azil Ou a
- III. Chèche Azil Apre 31 Me 2022 - Pwosesis "RFR" la

Byenvini nan New Jersey! Gid enfòmasyon sa a gen yon apèsi sou pwosesis pou chèche azil kòm yon moun ki fenk rive Ozetazini. Azil se yon fòm pwoteksyon ak estati imigrasyon legal ke yo akòde moun ki kapab montre yon ofisyè azil oswa yon Jij Imigrasyon ke yo gen yon krent ki byen fonde pou pèsekisyon nan peyi orijin yo. Ou ka jwenn plis detay sou sa azil vle di nan Seksyon II nan gid sa a. Premyèman, w ap jwenn kèk enfòmasyon sou pwosesis la ak etap ke w ka espere fè pandan w ap fè aplikasyon azil ou a.


I. PWOSESIS AZIL LA

Ou gendwa nan youn nan de sitiyasyon sa yo:

- Ou se yon "Etranje." Sa vle di ou te rive nan yonn nan pwen sou fwontyè a epi ou te di ofisyè imigrasyon an ke ou gen yon krent pou retounen nan peyi ou.
- Ou te antre san enspeksyon. Sa vle di ou te antre Ozetazini san pèmisyon epi ou te isit la pou kèk tan anvan yon ofisyèl imigrasyon te arete w. Lè ofisyèl imigrasyon yo te kanpe ou, ou te di ofisyèl yo ke ou gen krentif pou retounen nan peyi ou.

Gen plis chans apre ke ofisyèl imigrasyon yo te kanpe w la nan youn nan sitiyasyon ki endike anwo yo, pou yo te mete w nan yon pwosesis "ranvwa akselere". Sa a se yon kalite pwosedi pou voye tounen (oswa depòte) moun ki vin Ozetazini san dokiman awopriye epi ki te Ozetazini pou yon ti tan. Anjeneral sa a se yon pwosesis rapid pou yo deside si yo pral ba w yon opòtinite pou aplike pou azil, e premye etap nan pwosesis sa a se yon Entèvyou sou Kredibilite Laperèz ou a (Credible Fear Interview, CFI). (Altènativman, gendwa yo te ba w yon "Avi pou w parèt" san w pa resevwa yon CFI; si se konsa ou ka ale nan seksyon " Pwosedi sou ranvwa yo" nan paj 3).

Yon dyagram nan pwosesis ranvwa akselere a anba a:



Entèvyou sou Kredibilité Laperèz ou a (Credible Fear Interview, CFI)

Si w te montre yon krentif pou w retounen nan peyi w, yon ofisyè azil ap pase w yon entèvyou epi deside si laperèz ou genyen pou w retounen nan peyi w la kredib, si w gen moun ki ap pèsekite w. Si yo te arete w apre ke ofisyèl imigrasyon yo te kanpe w la, yo ka te pase w CFI a pandan yo te arete w la.

Kisa sa vle di pou w gen yon "krent kredib pou pèsekisyon?"

Pandan entèvyou a, ofisyè azil la ap mande w si w pè pou w retounen nan peyi w (ou gen dwa pou w jwenn yon entèprèt nan entèvyou sa a). Ofisyè a ap ba ou yon bon desizyon si yo kwè ou ka pwouve ke ou te, oswa yo pral pèsekite nan peyi ou akòz ras ou, reliyon w, nasionalite w, opinyon politik ou, oswa akoz ou manm nan yon gwoup sosyal patikilye. Si yo arete w epi w pase CFI w la, yo ka lage w sou kondisyon, pa egzanp sa yo rele "parole" la. Si yo lage w, sa pa vle di ka w la fini. Ka w la ap kontinye nan Biwo Azil ak/oswa Tribunal Imigrasyon ki pi pre w la.

Revizyon Jij Imigrasyon apre yon desizyon CFI ki Negatif

Si ou te resevwa yon move desizyon apre yon entèvyou krentif kredit ki fè w pa vle tounen an, w ap gen opòtinite pou yon jij imigrasyon deside si yo kwè ou gen yon laperèz ki kredib vre. Si Jij la ba w yon bon desizyon, w ap gen posiblite pou w aplike pou azil. Si Jij la ba ou yon move desizyon, y ap depòte ou men ou ka gen opsyon pou voye mande biwo azil la yon Demann pou Rekonsiderasyon.

Demann pou Rekonsiderasyon (Requests for Reconsideration, RFR)

- Yon Demann pou Rekonsiderasyon (RFR) ka al jwenn Biwo Azil la si jij imigrasyon an ba ou yon desizyon negatif sou CFI ou a tou. Yon RFR se yon demann pou yon lòt entèvyou ak yon ofisyè azil. Li pa garanti ke yo ap bay yon lòt entèvyou.
- Ou dwe soumèt yon RFR nan 7 jou apre ou resevwa yon move desizyon nan men jij imigrasyon an.
- Ou ka soumèt yon sèl RFR.

Pwosesis ranvwa yo

Si w pase CFI w la, y ap ba w yon "Avi pou w Parèt" (Notice to Appear, NTA); ou ka resevwa yon NTA tou san w pa resevwa yon CFI. Ka w la devan tribinal la ap kòmanse apati lè w kòmanse ranpli NTA a. Yo rele sa "pwosedi ranvwa." Tribunal Imigrasyon nan New Jersey sitiye 1 nan 970 Broad St, Room 1200, Newark, NJ 07102. Tanpri sonje ke gen kèk moun yo ka mande pou yo tcheke nan yon biwo lokal ICE anplis, oswa alavans anvan yo parèt nan Tribunal Imigrasyon an; ou ka jwenn plis enfòmasyon la: <https://www.ice.gov/check-in>.

Kidonk konnya, yo ap pwograme w pou yon premye Odyans Kalandriye Prensipal (Master Calendar Hearing, MCH). Sa a se yon odyans preliminè kote Jij la pral enfòme w sou dwa w yo, revize enfòmasyon ki nan Avi pou w parèt la, epi ba w yon ti tan pou w ranpli aplikasyon pou azil ou a (Fòmilè I-589) ak prèv kòm sipò ou yo. Ou ka gen plis pase yon MCH. Finalman, yo ap konvoke w pou yon Odyans Endividiyèl (sou baz byenfonde), ki se dènye jjiman pou ka azil ou a, kote Jij Imigrasyon an pral egzamine prèv ou yo, temwayaj ou yo, ak temwayaj tout temwen yo.

Ou dwe ranpli Fòm I-589 ou a nan yon ane apre ou rive Ozetazini. Pa gen twòp esepsyon pase dat limit sa a. Ou ka jwenn fòm sa a sou Entènèt la: <https://www.uscis.gov/i-589>. Si w nan pwosedi ranvwa, ou dwe ranpli fòm aplikasyon orijinal la nan Tribunal Imigrasyon an, ak yon kopi bay Depatman Sekirite Nasyonal, Biwo Avoka anchèf (avoka k ap reprezante gouvènman ameriken an nan pouswiv depòtasyon kont ou). Ou dwe voye twa premye paj fòm nan bay Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini tou, swiv enstriksyon sa yo: <https://www.uscis.gov/sites/default/files/document/legal-docs/Pre%20Order%20Instructions%20EOIR.pdf>. Fòm I-589 la dwe ranpli an anglè. Tout dokiman sipò ou ap soumèt nan ka w la ki gen ladan yon deklarasyon obligatwa oswa yon afidavi ki detaye rezon ki fè w ap chèche azil la, yo dwe swa nan lang anglè oswa yo dwe akonpanye de yon tradiksyon sètifye an anglè. Nòt: anjeneral ou pap kalifye pou aplike pou yon pèmi travay jiskaske ou fin ranpli aplikasyon azil ou a epi omwen senk mwa pase apre dat ou te ranpli 1 la (plis detay sou sa nan paj 7).

Anplis sonje ke si w rate yon dat tribinal la ba ou, ou gen anpil chans pou Jij Imigrasyon an bay lòd pou yo retire w nan peyi *akoz absans* (an absans ou). Apre w fin resevwa NTA w la, asire w ke adrès ou kòrèk nan dosye Tribunal Imigrasyon an. Ou ta dwe avèt yo si w chanje adrès atravè Fòm EOIR-33 a (<https://www.justice.gov/eoir/form-eoir-33-eoir-immigration-court-listing>). Si pwosedi ranvwa ou a te kòmanse ak Tribunal Imigrasyon Newark epi ou deplase soti nan eta a, w ap bezwen soumèt yon mosyon (demann) tou pou w chanje vè Tribunal Imigrasyon nan nouvo eta ou a. Sinon, ka w la ap kontinye nan New Jersey. Menm jan an tou, si pwosedi ranvwa ou te kòmanse ak yon Tribunal Imigrasyon nan yon lòt eta epi ou te deplase vè New Jersey, w ap bezwen depoze yon mosyon pou chanje lokal pou ka w la ka kontinye devan Tribunal Imigrasyon Newark la, oswa w ap oblige parèt pou odyans ou nan Tribunal andeyò eta a. Ou ka kontwole dat odyans lan nan ka w la lè w rele liy enfòmasyon Tribunal la nan 1-800-898-7180 oswa lè w ale nan <https://acis.eoir.justice.gov/en/> (ou ka chanje lang nan vè panyòl tou pre anlè a dwat paj la). W ap bezwen antre nimewo Enskripsyon Etranje ou a (oswa nimewo "A") ki nan dokiman ou te resevwa nan men otorite imigrasyon yo, tankou NTA ou a.

Ou gen dwa pou jwenn yon entèprèt pou lang ou pi alèz la; Tribunal Imigrasyon an ap bay entèprèt la. Ou gen dwa tou pou yo reprezante w nan odyans imigrasyon w lan, men ou pa gen dwa pou w jwenn yon avoka gouvènman an peye. Nan premye MCH ou a si ou pa gen avoka, ou ka mande Jij Imigrasyon an plis tan pou w jwenn yon avoka. Ou ka mande Jij Imigrasyon an pou yon kopi lis Founisè Sèvis Legal Gratis yo ke Tribunal Imigrasyon an genyen nan dosye li, men sonje ke pa gen okenn garanti ke youn nan òganizasyon sa yo ap kapab ba ou yon avoka gratis. Si w pèdi ka w la devan Jij Imigrasyon an, ou gen dwa pou w depoze yon apèl nan 30 jou devan Komisyon Apèl pou Imigrasyon an. Si w pa lite oswa ou pa genyen ka w la, w ap resevwa lòd pou w kite Etazini epi ou ka pa kapab retounen legalman Etazini pandan plizyè ane.

II. PREPARE W POU W PALE SOU KA AZIL OU A

Anvan nenpòt entèvyou oswa odyans ki gen rapò ak demann oswa aplikasyon azil ou a, reflechi sou sa ou vle di. Ou ka konsantre w sou pèsekisyon ou genyen nan peyi w aktyèlman ak poukisa ou te vin Etazini nan moman sa a. **Tout sa ou di konfidansyèl.** Pèsonn nan peyi w p ap konnen enfòmasyon w pataje yo. Pou w fè pratik, reponn kesyon sa yo: Poukisa ou pè retounen? Kisa ki rive ou nan peyi natal ou? Poukisa sa te rive ou? Ki lè sa te rive? Kisa ki ka rive si ou ta oblige retounen? Ki jan ou fè konnen otorite nan peyi ou yo p ap pwoteje ou? Èske gen yon kote ou ka viv san danje nan peyi ou?

Travay ou se di la verite epi montre ke ka w la satisfè kondisyon azil ki nan lis anba a (yon deskripsyon alekri anplis sa a):



Ki sa ki Azil la?

Etazini Damerik pèmèt moun ki te pèsekite, oswa ki gen yon krentif ki "byen fonde" pou yo pa pèsekite alavni nan peyi natal/ peyi nasyonalite yo:

- a. pou yo viv isit la endefiniman;
- b. petisyon pou mari oswa madanm ak timoun yo jwenn estati imigrasyon legal nan peyi Etazini;
- c. resevwa otorizasyon travay; epi
- d. aplike pou rezidans pèmanan legal (sa vle di yon "Kat Vèt") yon ane apre sibvansyon azil la.

Èske mwen kalifye pou azil?

Ou ka elijib pou aplike pou Azil si:

- a. Ou prezan fizikman Etazini;
- b. Ou te soufri anba pèsekisyón nan peryòd ki sot pase yo ak/ oswa ou gen yon krentif ki "byen fonde" pou yo pa pèsekite w alavni nan peyi natal/ peyi nasyonalite ou; epi
- c. Ras ou, relijon w, nasyonalite w, lefè ke w manm yon gwoup sosyal patikilye ak/oswa opinyon politik ou te yon rezon santral pou pèsekisyón an.

Anplis de sa, pou w ka kalifye pou w jwenn Azil, ou dwe ranpli aplikasyon w lan nan yon ane apre w rive Etazini, oswa ou dwe montre sikonstans oswa fè ekstrawòdinè ki eksplike lefè ke w ranpli demann lan an reta a. Ou ka pa kalifye tou pou Azil si:

- a. Ou te pèsekite lòt moun; oswa
- b. Ou te bay sipò materyèl nan yon òganizasyon teworis; oswa
- c. Ou te resevwa rezidans legal pèmanan nan yon twazyèm peyi anvan ou te vini nan Amerik la; oswa
- d. Ou te deja ranpli pou Azil epi yo te refize; oswa
- e. Ou te komèt yon krim grav nan peyi Etazini; oswa
- f. Ou te komèt yon krim grav ki pa politik nan yon lòt peyi.

Remak: si pou nenpòt rezon yo jwenn ou pa kalifye legalman pou Azil (pa egzanp: ou te kite plis pase yon lane pase anvan w te ranpli demann lan epi ou pa t satisfè okenn eksepsyón nan rezon ki fè w depase dat limit yon ane a, ou gen yon kondanasyon pou yon krim ki patikilyèman grav, elatriye.), ou ka elijib pou chèche yon fòm sekou ki baze sou laperèz ki rele Ranwa an Atant (Withholding of Removal) oswa yon sekou an vèti konvansyon kont maltretans lan (Convention Against Torture).

Kisa ki pèsekisyón an?

Pèsekisyón se soufrans oswa domaj, epi li ka gen ladan l vyolans seksyèl oswa fizik, prizon ilegal, menas lanmò, tòti ak menas sou libète w. Yo dwe ap pèsekite w **akoz omwen yon karakteristik ki pwoteje: ras ou, relijon w, nasyonalite w, opinyon politik ou, ak/oswa dèské w se manm nan yon gwoup sosyal patikilye.** Pèsekisyón an ka fèt pa gouvènman an oswa pa yon gwoup ke gouvènman an pa kapab oswa pa vle kontwole. Gwoup gouvènman an pa kapab oswa pa vle kontwole yo ka gen ladan yo (men yo pa limite a sa yo sèlman): klan oswa tribi, fòs geriya, gwoup paramilitè, gang, elatriye.

Ou dwe montre ke kèlkeswa kote w ap viv nan peyi w, gouvènman w lan pa kapab oswa li pa pral kontwole moun k ap pèsekite w la epi pèsekité w la kapab fè w mal nenpòt kote nan peyi a, oswa ke li pa t ap rezonab pou w retounen nan peyi w.

Nan ka kote gouvènman an se pèsekité a, yo sipoze ke risk pèsekisyon se nan tout peyi a.

Kisa ki yon laperèz ki byen fonde?

Yon laperèz ki byen fonde pou pèsekisyon vle di nonsèlman *opwendevi pèsonèl* ou pè pou w retounen nan peyi w, men tou laperèz ou a *objektivman* rezonab (sa vle di, li sipòte pa prèv kondisyon peyi a, tankou atik nouvèl ak rapò sou dwa moun ki gen bon repitasyon, ki montre ke moun ki pataje karakteristik ou yo blese, tòtire, pran prizon ilegalman, elatriye). Si yo te pèsekite w lontan sou baz karakteristik ki pwoteje (yo), sa kreye yon sipozisyon ke laperèz ou a te byen fonde.

Kisa w vle di pa Ras?

Ras gen ladan tout kalite ras, etnisite, tribi, ak gwoup endijèn yo.

Kisa w vle di pa Relijyon?

Relijyon gen ladann dwa w pou w pratike yon relijyon nan fason w chwazi a, oswa pou w kenbe, pratike ak viv dapre nenpòt sistèm kwayans ou chwazi a, epi chanje li nenpòt ki lè. Sa vle di ou gen dwa pou w vin manm nan nenpòt kominate relijye, epi pou w adore an prive oswa an piblik.

Kisa w vle di pa Nasyonalite?

Nasyonalite refere a orijin nasyonal ou oswa sitwayènte ou.

Kisa w vle di pa Opinyon Politik?

Opinyon Politik kapab genyen nenpòt opinyon sou nenpòt pwoblèm ki enpòtan pou gouvènman an oswa soyete peyi w la oswa sou yon pèsekité ke gouvènman an pa kapab oswa pa vle kontwole. Depi pèsekité a panse ou gen opinyon an sèlman sa sifi, kèlkeswa si wi ou non ou gen opinyon an vre.

Ki sa ou vle di pa manm nan yon gwoup sosyal patikilye?

Yon Gwoup Sosyal Espesyal refere a yon gwoup moun ki pataje yon karakteristik ke yo pa ka oswa yo pa ta dwe espere chanje. Egzistans yon Gwoup Sosyal Espesyal depann de kondisyon espesifik nasyonal yon peyi an patikilye. Egzanp yon gwoup sosyal patikilye nan kèk peyi ka gen ladan moun ki pataje karakteristik tankou: oryantasyon seksyèl, idantite sèks, afilyasyon fanmi, elatriye.

Kouman pou mwen aplike pou Azil?

Jan sa dekri nan dènye seksyon an pi wo a, yo dwe ranpli aplikasyon Azil ou a nan yon lane apre ou rive Etazini, ou gen pou w itilize Fòm I-589 la ki se fòm pou Aplikasyon pou Azil ak pou Ranvwa an Atant (Withholding of Removal). Asire w ou ranpli fòm nan ak anpil atansyon paske nenpòt ki erè oswa omisyón ka itilize kont pou atake kredibilite ou.

Ou ta dwe tou prepare yon Deklarasyon Pèsonèl pou soumèt ak Fòm I-589 ou a. Deklarasyon Pèsonèl ou a se yon naratif kwonologik ki ta dwe rakonte istwa pèsekisyon w lan, tankou:

- a. Poukisa ou pè retounen nan peyi ou;
- b. Kiyès ou pè ki ap fè w mal;
- c. Kijan yo pral fè ou mal?
- d. Èske gouvènman w lan pwoteje w kont mal sa a;
- e. Si non, poukisa li pa kapab epi ki jan ou fè konnen;
- f. Ki jan yo trete lòt moun ki nan menm sitiyasyon ak ou nan peyi ou;
- g. Èske yo konn pèsekite w déjà nan peyi w?
- h. Si wi, sa ki te pase ak poukisa, ki lè ak pa ki moun yo te pèsekite w;
- i. Poukisa ou kite peyi ou;
- j. Ki lè ou te rive nan peyi Etazini;
- k. Kòman ou te rive nan peyi Etazini;
- l. Ki kote ou te rive nan peyi Etazini;

Ou ta dwe tou soumèt dokiman ki sipòte sa w ap di yo (ou ka depoze dokiman sa yo ansanm ak aplikasyon an oswa nan dat limit Biwo Azil la oswa Tribunal Imigrasyon an fikse a). Dokiman sipò yo se nenpòt dokiman ki ede w pwouve ke w ap di verite tankou: kat idantifikasyon w a yon pati, foto, dosye lekòl, afidavi yon pati politik, dosye medikal, lèt temwen, fanmi ak/oswa zanmi, rapò sou dwa moun ak nouvo atik. Ou dwe bay prèv idantite, nasyonalite, ak lòt prèv ke ou fè pati klas ki pwoteje ki pèmèt ou mande azil la. Ou ta dwe eseye si sa posib pou ranfòse tout reklamasyon ak evènman ou dekri nan aplikasyon w lan ak deklarasyon w yo, epi si ou pa kapab ou ta dwe prè pou w eksplike poukisa. Lè w ap ranpli aplikasyon azil la, oswa lè w ap soumèt lòt dokiman, soumèt kopi tout dokiman yo (pa orijinal yo, eksepte afidavi ak lèt sipò yo). Tout dokiman ki nan yon lang ki pa anglè dwe soumèt ak yon tradiksyon sètifye ki an anglè. Lè w ap depoze prèv nan Tribunal Imigrasyon an, ou dwe soumèt yon kopi nan biwo avoka gouvènman ki apwopriye a. Dosye w nan Tribunal Imigrasyon an ta dwe gen ladan yon "Sètifikasi Sèvis" siyen ki endike ki jan ak ki lè ou te bay gouvènman an kopi yo. Pou ka Tribunal Imigrasyon Newark la, adrès avoka gouvènman yo se: DHS/ICE, Biwo Avoka anchèf, 970 Broad Street, Sal 1300, Newark, NJ 07102. Ou ka tcheke adrès pou lòt eta yo la: <https://www.ice.gov/contact/field-offices?office=12>.

Ou dwe konnen ke soumèt yon fo dokiman ka lakòz refi reklamasyon w lan. Asire w ke Deklarasyon Pèsonèl ou, Fòm I-589 ak dokiman sipò yo tout konsistan.

Si finalman ou genyen ka azil ou a, ou pral kapab aplike pou kat vèt ou (rezidans pèmanan legal) apre ou fin prezan fizikman Etazini pou yon ane apre sibvansyon an. Antanke demandè azil ou ka fè yon petisyon pou mari w oswa madanm ou ak pitit ou (ki pa marye epi, apati lè ou te ranpli I-589 ou a, ki pokon gen 21 lane) pou jwenn estati azil derive, kit yo Etazini oswa yon lòt kote. Ou ka mande yon dokiman vwayaj pou vwayaje aletranje, men sonje ke vwayaje vè peyi ou te mande azil pou li a ka lakòz yo retire sibvansyon azil ou an. Ou ka ranpli tou pou yon pèmi travay (dokiman otorizasyon travay) apre ou resevwa sibvansyon azil ou a, epi nan pifò ka yo, ou ka menm mande sa pi bonè pandan aplikasyon azil ou an annatant (anjeneral apre 150 jou fin pase apati dat ou te ranpli aplikasyon w lan, toutotan ou pa t lakòz okenn reta nan jijman ka w la, pa egzanz si w te mande pou repwogramme oswa ranvwaye yon entèvyou oswa yon odyans).

Pou jwenn plis gid detaye sou fason pou prepare yon aplikasyon azil, tanpri gade sa ki annapre a ke Pwojè Florence nan Arizona sou Dwa Imigran yo ak Refijye yo prepare:
https://firrp.org/wp-content/uploads/2022/01/Asylum_WOR_CAT-Guide-2013-SPA-1.pdf

III. CHACHE AZIL APRE 31 ME 2022 - PWOSESIS "AMI" AN

Nan dat 31 me 2022, gen nouveau règ pwoesis azil ki te antre an vigè. Nouvo règ yo pa afekte moun ki nan pwosedi pou ranvwa rapid la; sepandan, yo afekte kèk moun ke gouvènman Etazini an te chwazi selon kote yo te planifye pou yo viv Ozetazini. Kidonk, tanpri sonje règ sa yo ka pa aplike pou ou.

Enfòmasyon ki soti nan pwen sa a aplike sèlman pou moun ki sijè a nouveau règ yo.

Biwo Azil lokal pou moun ki nan New Jersey se


Gateway 3

100 Mulberry Street, Suite 199,


Newark, NJ 07102

ENTÈVYOU AZIL SOU BAZ MERIT (ASYLUM MERITS INTERVIEW, AMI)

- Si w te resevwa yon bon desizyon apre yon entèvyou sou baz yon krentif ki kredib epi yo lage w apre CFI w lan nan youn nan uit vil sa yo: Boston, Los Angeles, Miami, New York, Newark, New Orleans, San Francisco, oswa Washington, DC, li posib pou w gen yon Entèvyou Azil sou Baz Merit (AMI). *Nan moman sa a pwoesis la ka aplike sèlman ak gramoun selibatè yo libere nan vil ki nan lis la apre yo te fin kenbe yo nan kèk etablisman nan Texas ak California, men kouveti a ka elaji tikras pa tikras.
- Nan AMI ou a, yon ofisyé azil (pa yon jij imigrasyon) pral revize ka w la ak tout prèv ki te prezante yo.
- Entèvyou Azil sou Baz Nerit la (AMI) ta dwe fèt 21-45 jou apati de lè ou te resevwa yon kopi dosye bon desizyon krentf ki kredib la.
- Enfòmasyon ou bay nan CFI w la vin tounen aplikasyon w pou azil la (pa gen okenn fòm obligatwa).
 - o Dat ou resevwa yon kopi dosye CFI ou konsidere kòm dat ou te aplike pou azil la.
- Tout chanjman, koreksyon ak enfòmasyon anplis oswa prèv yo dwe remèt nan Biwo Azil la 7 jou anvan AMI a (10 jou si yo voye pa lapòs).
 - o Ofisyé azil yo ka konsidere soumisyon an reta pou yon bon rezon.
 - o Anjeneral, ofisyé azil yo pa p konsidere soumisyon an reta ki ta anpeche yo pran yon desizyon nan 60 jou apre ou resevwa dosye CFI a.
- **Ou gen dwa pou w:**
 - o Fè yon avoka reprezante w nan AMI a, men Gouvènman an pap ba w yon avoka;
 - o Fè yon deklarasyon final nan fen AMI an; AK
 - o Mande yon entèprèt nan lang natif ou oswa nan yon lang ou pale **byen**.
- Si Ofisyé Azil la akòde aplikasyon w pou azil la, ou genyen ka w la epi kounye a ou gen estati imigrasyon legal Ozetazini kòm yon moun ki gen azil – Felisitasyon!
- Si Ofisyé Azil la refize aplikasyon w lan pou azil, w ap gen opòtinite pou yon jij imigrasyon revize aplikasyon w lan nan pwosedi tribal imigrasyon rasyonalize (streamlined).



Pwosedi Tribunal Imigrasyon Rasyonalize apre refi nan Entèvyou Azil sou Baz Merit la (AMI)



Kalandriye Odyans Inisyal (Initial Master Calendar Hearing, MCH)

- Sa a se yon odyans preliminè kote jij la pral enfòme w sou dwa w epi li pral revize enfòmasyon ki nan Avi pou w Parèt la.
- MCH a ta dwe pwograme 30-35 jou apre yon ofisye azil refize aplikasyon w pou azil apre yon AMI.
- Ou ta dwe resevwa yon transkipsyon konplè AMI ou an pandan ou nan odyans sa a oubyen pi bonè.

Rankont sou Estati Ka a (Status Conference, SC)

- Sa a se yon lòt odyans preliminè kote tou de moun ki aplike pou azil yo ak avoka gouvènman an dwe bay tribal la enfòmasyon espesifik.
- Yo ta dwe pwograme SC a 30-35 jou apre MCH la.
- Nan SC a ou dwe di tribal la:
 - o Si w ap temwaye;
 - o Ki moun ou pral rele kòm temwen;
 - o Si w gen plan pou ranpli lòt prèv;
 - o Si te gen erè oswa bagay ki pa mete nan dosye AMI an;
 - o Si w vle kontinye ak aplikasyon pou azil la; AK
 - o Si w ap aplike pou nenpòt lòt sekou imigrasyon anplis azil la.
- An jeneral ou pa dwe soumèt premye prèv la pita pase SC a. Si ou vle soumèt prèv anplis ou pa dwe fè sa pita pase 5 jou anvan odyans sou baz merit ou a.

Kalandriye Odyans Endividyle (Odyans sou baz Merit)

- Sa a se dènye odyans ou devan jij imigrasyon an kote ou pral prezante ka w la.
- Odyans sou baz merit la ta dwe pwograme 30 jou apre SC a oswa 60-65 jou apre MCH la.
 - o Odyans sou baz merit la dwe fèt nan lespas 135 jou apre MCH la sof si fondamantalman enjis
- Jij imigrasyon an ka pran yon desizyon san yon Odyans sou baz Merit:
 - o Si jij imigrasyon an deside yo ka apwouve ka a daprè dosye AMI ak prèv ou soumèt yo; OSWA
 - o Si pèsonn pa mande temwayaj epi avoka gouvènman an pa mande pou pale ak ou.

NÒT ENPÒTAN

- **Ou gen dwa pou w:**
 - o Gen yon avoka, men Gouvènman an pa pral ba w yon avoka;
 - o Gen yon entèprtèt nan lang natif natal ou oswa yon lang ou pale byen;
 - o Ofri temwayaj;
 - Si w renonse a dwa w pou w ofri temwayaj, sa ka lakòz pa gen yon Odyans final sou Baz Merit.
 - o Prezante tout defans ou kalifye pou yo; AK
 - o Fè apèl kont desizyon jij imigrasyon an.
- Si w chwazi pou w aplike pou yon defans ki pa azil epi w ranpli kondisyon debaz yo, ka w la p ap avanse sou menm delè a, li ka avanse pi dousman.
- Li posib pou w mande pou yo pwolonje dat limit yo si ou ka montre gen yon bon rezon pou ekstansyon an.
 - o Chak ekstansyon pa kapab plis pase 10 jou sof si jij imigrasyon an deside yon ekstansyon ki pi long ta pi efikas.
 - o Anjeneral, ou pa ka resevwa yon ekstansyon ki ta lakòz odyans sou Baz Merit ou a fèt plis pase 90 jou apati odyans kalandriye prensipal ou a oswa plis pase yon total de 30 jou ekstansyon nan ka w la.
 - o Si tribunal imigrasyon an oswa avoka gouvènman an te koze reta nan pwogramasyon yo, jou sa yo **pa ta dwe** konsidere nan demann ou an pou ekstansyon.
 - Si DHS pa respekte dat limit yo, sa pa vle di ou avanse nan pwochen etap la otomatikman oswa yo pral ba w azil otomatikman.